

Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE BAY PRÈSKE 9 MILYON DOLA POU SIPÒTE  
PWOJÈ PWOTEKSYON KALITE DLO YO NAN FÈM BETAY YO NAN NEW YORK**

***Fon pou pwogram stokaj ak sistèm transfè dechè CAFO pral ede fèm yo  
kontrebalanse depans pou pwojè pwoteksyon kou dlo Eta yo***

***Finansman sipòte Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp Gouvènè a ki Istorik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo pral bay prèske 9 milyon dola pou reyalize pwojè pwoteksyon kalite dlo yo sou 24 fèm ki toupatou nan eta a. Yo te bay finansman sa a nan kad twazyèm faz nan Pwogram Sistèm Transfè ak Estokaj Dechè (Waste Storage and Transfer System Program) Operasyon Alimantasyon Animal Konsantre Animal (Concentrated Animal Feeding Operation, CAFO). Pwojè ki finanse a pral pèmèt fèm betay yo jere epi estoke nitriyan yo pi byen, tankou angrè, pou kapab pwoteje dlo anba tè ak wout dlo ki tou pre yo. Pwogram lan fè pati Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) 2017 gouvènè a ki koute 2.5 milya dola, ki investisyon pou dlo potab yo, enfrastrikti dlo ize yo, ansanm ak lòt pwoteksyon kalite dlo yo toupatou nan eta a.

"Fèm New York yo rete entegral nan ekonomi rejyonal atravè eta a epi yo jwe yon wòl vital nan konsèvasyon anviwònman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fon sa yo pral ede fèm atravè eta a kontrebalanse depans pou aplike estrateji nouvo ak amelyore pou pran swen tè a ak pwoteje kou dlo nou yo."

"Li enpòtan anpil pou nou asire ke vwa navigab nou yo pa gen kontaminan epi yo rete sekirite pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.**

"Investisman sa a k ap fè nan pwojè nan fèm toupatou atravè eta a yo pral sipòte efò konsèvasyon pou amelyore ak pwoteje kalite dlo yo. Nou vle asire ke kiltivatè yo gen resous yo bezwen pou yo anpeche polisyon epi asire sante ak sekirite rezidan yo."

**Ven kat (24) sistèm stokaj ak transfè dechè** pral vini enstale sou fèm CAFO otorize nan 19 konte atravè eta a, ak sibvansyon ki ede kontrebalanse depans konstruksyon, preparasyon lokal, ak meyè pratik jesyon. Yo ofri 8.9 milyon dola an finansman an bay Distri Konte Konsèvasyon Tè ak Dlo (County Soil and Water Conservation Districts), ki te aplike nan non kiltivatè ki elijib atravè eta a.

**Komisè Agrikilti Eta a Richard A. Ball te deklare,** "Fon sa yo sipòte yon apwòch entelijan nan kesyon jesyon sibstans nitritif ak pwoteksyon dlo. Nou remèsye kiltivatè nou yo paske y ap pwoteje ak pran swen resous natirèl nou yo epi paske Gouvènè a ofri finansman pou ede kiltivatè yo ak pwojè sa yo ki amelyore kou dlo nou yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) Basil Seggos te deklare,** "Finansman yo te anonse jodi a pral ede fèm New York yo pou mete sou pye pwojè konsèvasyon pou pwoteje dlo nou yo epi garanti rezistans fèm nou yo. Endistri agrikòl la rete vital pou pwofi New York epi pwojè pwoteksyon kalite dlo sa yo bay kiltivatè yo sipò finansye yo bezwen pou opere nan fason responsab pandan y ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an."

Sibvansyon sa yo pral ede fèm yo ranpli kondisyon DEC, epi sipòte efò global Eta a pou redwi frekans florezon alg ki danjere yo nan kouch dlo rejyon Nò yo. Depi lansman pwogram lan, yo te debloke prèske 32 milyon dola bay 89 fèm pou sipòte konstriksyon stokaj fimye, preparasyon lokal, ak meyè pratik jesyon ki asosye.

Eta New York gen plis pase 500 fèm CAFO, e pifò nan yo se fèm letye ki gen 300 oswa plis bèf. Operasyon betay tankou fèm bèf, poul ak cheval ka tounen CAFO tou.

**Prezidan Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Eta New York la (New York State Soil and Water Conservation Committee), Dale Stein, te deklare,** "New York akòde 8.9 milyon dola bay 24 fèm pou enstale stokaj dechè ak sistèm transfè fimye ki asosye. Lajan sa a ki te akòde atravè distri pou konsèvasyon tè ak dlo pral ede fèm yo respekte regleman CAFO epi se yon lòt ekzanp kote fèm New York ap pwoteje resous dlo vital nou yo pou jenerasyon k ap swiv nou yo".

**Prezidan Komite Agrikilti nan Sena a (Senate Agriculture Committee) Jen Metzger te deklare,** "Dlo pwòp ak tè ansante rete esansyèl pou yon sektè agrikòl pwospè, epi nou apresye travay kiltivatè yo pou asire operasyon yo pa sèlman pwoteje resous natirèl nou yo, men tou restore eleman nitritif bay tè a. Fon yo ki akòde atravè Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp Eta pou Pwogram Sistèm Stokaj ak Transfè Dechè nan kad Operasyon Alimantasyon Konsantre Animal rete yon investisman enpòtan pou ede fèm betay New York konstwi ak konsève pwoteksyon ki pral amelyore ak pwoteje resous dlo nou yo".

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Donna Lupardo te deklare,** "Sibvansyon sa yo ofri ankourajman pou fèm yo aplike meyè pratik ki pral ede pwoteje kou dlo nou yo. Lè nou konsidere enkyetid sou kesyon florezon alg ki danjre nan lak, etan, ak rivyè nan Rejyon Nò, investisman sa yo rete vital nan efò pou pwoteje resous natirèl ki pi presye nou an".

Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 lan te investi yon montan rekò 2.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ki enpòtan anpil nan Eta New York. Gouvènè Cuomo te angaje yon lòt 2.5 milya dola, ki double finansman pou sipòte pwojè dlo pwòp, sou senk pwochen ane yo. Investisman istorik sa a nan enfrastrikti dlo potab yo, enfrastrikti dlo ize yo, ak mezi pou pwoteksyon sous dlo yo pral amelyore sante ak byennèt kominote a, pwoteje resous dlo ki pi enpòtan nan Eta a yo, epi kreye travay. Finansman pou pwojè yo pral priyoreze solisyon rejyonal ak nivo basen vèsan yo, epi bay prim ankourajman pou konsolidasyon ak pataj sèvis dlo ak sèvis dlo ize yo.

An 2018, Gouvènè Cuomo te pase DEC enstwiksyon pou reyalize inisyativ li an ki gen kat pwen, ki koute 65 milyon dola, pou konbat yon fason agresif florezon alg ki danjere yo, oswa HAB yo, ki nan New York. HAB yo menase itilizasyon rekreyatif lak yo ki

enpòtan pou touris nan rejyon nò yo, ansanm ak sous dlo potab yo. DEC te chwazi kòm kou dlo priyorite 12 kouch dlo ki vilnerab pou florezon alg yo, epi ki tou se sous enpòtan pou dlo potab epi ki se faktè touristik vital. Apre kat somè rejyonal epi ak enfòmasyon ki soti nan men ekspè nasyonal, eta ak lokal yo, ansanm ak patnè ajans eta li yo, DEC te devlope plan aksyon espesifik pou ekoloji kouch dlo sa yo. Leson ke yo te aprann pandan reyalizasyon plan sa yo ap ede DEC idantifye solisyon pou ka ede kouch dlo ki afekte yo atravè eta a. Sistèm stokaj ak transfè fimye sa yo pral pèmèt kiltivatè yo ki nan basen vèsan ki vilnerab yo rive pi byen jere ak konsève eleman nitritif ki te kapab lakoz HAB.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)